

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab maluruh ngeunaan: 1) désain panalungtikan; 2) data jeung sumber data; 3) prosedur panalungtikan; 4) téknik ngumpulkeun data; 5) instrumén panalungtikan; 6) analisis data (uji sipat data, uji normalitas, uji hipotésis)

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Sujawerni (2007) Métode kuasi ékspérimén mangrupa panalungtikan nu sipatna semi ékspérimén, sabab variabel nu kuduna dikontrol tapi henteu kakontrol, balukarna validitas panalungtikan teu nyumponan kana ékspérimén murni.

Dumasar kana métode panalungtikan, désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta *one grup pretest* jeung *posttest*. Dimimitian ku cara méré *pretest* pikeun ngukur kamampuh awal nu dipiboga ku siswa dina pangajaran drama. Tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kaparigelan ngaragakeun drama ngagunakeun modél *Role Playing*, anu satuluyna diayakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis ngaragakeun sabada dibéré *treatment*. Desain dina ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

(Arikunto, 2013)

Keterangan:

- O1 = *Pretest* (hasil panalungtikan saméméh dibéré *treatment*)
- X = *Treatment* dilaksanakeunana pangajaran ngagunakeun modél *Role Playing*.

O2 = *Posttest* atawa kamampuh ahir siswa sabada perlakuan.

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kaparigelan siswa dina ngaragakeun drama kelas IX-C di SMP Kartika XIX-2 Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas IX-C di SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Jumlah siswa aya 26 urang, nyaéta 16 urang awéwé jeung 10 urang siswa lalaki. Anu lokasina di KPAD, Jl. Pak Gatot Raya No.73, Gegerkalong, Kec. Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat. Data dina ieu panalungtikan nyaéta kaparigelan siswa dina ngaragakeun drama.

Tabél 3.2 Jumlah Siswa Kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung

Wanda Baga	Jumlah Siswa
Lalaki	10
Awéwé	16
Jumlah Sakabéh Siswa : 26	

3.3 Prosedur/ Alur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan nétélakeun sababaraha léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan, nyaéta:

1) Masalah anu karandapan dina pangajaran drama

Saméméh dilaksanakeun ieu panalungtikan, diayakeun wawancara ka guru basa Sunda di SMP Kartika XIX-2 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar ngaragakeun drama, hususna di kelas IX-C luyu jeung kurikulum nu dipaké.

2) Rumusan masalah

Sabada ngidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan. Masalah anu karandapan nyaéta, kaparigelan ngaragakeun drama di kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung.

3) Raraga tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, tuluy panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

4) Ngarumuskeun hipotésis

Sabada nangtukeun tiori, tuluy ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis mangrupa jawaban anu sipatna can tangtu pikeun masalah panalungtikan amu baris kabuktian jawabanna ngaliwatan data anu geus dikumpulkeun.

5) Ngarumuskeun instrumén panalungtikan

Sabada ngarumuskeun hipotésis, tuluy panalungtik ngarumuskeun instrumén panalungtikan anu digunakeun nalika panalungtikan, nya éta mangrupa kaparigelan ngademonstrasikeun drama siswa ngaliwatan tes sacara *pretest* jeung *posttest* dina pangajaran drama.

6) Ngumpulkeun Data (*pretest, treatment, posttest*)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di kelas, tuluy ngalaksanakeun panalungtikan anu fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés démonstrasi jeung tes pengetahuan mangrupa tes tulis. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Role Playing*. Kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, anu miboga tujuan pikeun mikanyaho kaparigelan ngadémonstrasikeun ogé pangawerug ngeunaan drama saméméh ngagunakeun modél *Role Playing*. Kamampuh sabada dilakukeun *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kaparigelan ngaragakeun drama sabada ngagunakeun modél *Role Playing*.


7) Analisis data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés (demonstrasi jeung pengetahuan) anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan SPSS PASW (*Statistical Product and Service Solution*) versi 26 anu ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis.

8) Nyieun laporan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun sakabéh Prosedur panalungtikan, tuluy panalungtik nyusun laporan hasil tina panalungtikanna.

Sangkan leuwih jéntré, Prosedur panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 2.2 Prosedur Panalungtikan

3.4 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés (pangaweruh jeung kaparigelan). Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kaparigelan ngaragakeun drama. Téknik ngumpulkeun data tés dilaksanakeun saméméh jeung sabada uji coba modél *Role Playing* dina pangajaran drama. Tés awal (*pretest*) pikeun mikanyaho gambaran atawa kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba kalawan ngagunakeun modél *Role Playing*.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun tés (pangaweruh jeung kaparigelan) pikeun ngukur kaparigelan ngaragakeun drama kalawan ngajén aspék-aspék dina ngaragakeun drama.

Dina ngajawab pasualan panalungtikan, instrumén diperlukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data tur nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal udagan dina panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2012) instrumén panalungtikan mangrupa salasihiji alat nu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh éta kajadian alam atawa sosial nu diténan. Sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Dina prak-prakanna panalungtikan dilaksanakeun kalawan tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) anu pungsina pikeun mikanyaho kaparigelan siswa kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung dina ngaragakeun drama saméméh ngagunakeun modél *Role Playing* jeung sabada ngagunakeun modél *Role Playing*.

Tés kahiji nyaéta *pretest* pikeun ngukur kaparigelan awal ngaragakeun drama, tés kadua nyaéta *posttest* pikeun ngukur pangaruh *treatment* (modél *Role Playing*) kana kaparigelan siswa dina ngaragakeun drama. Tés pangajaran drama ngawengku méré téma drama anu bakal dipilih ku siswa tuluy dipidangkeun di kelas sacara kelompok. Tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngaragakeun drama.

Paréntah:

Pék pilih salah sahiji judul naskah drama di handap:

- 1) Bawang Beureum jeung Bawang Bodas
- 2) Jaka Tarub jeung Lima Widadari
- 3) Matuh Ku Sabab di Hukum
- 4) Eceu-Eceu Rémping

Sabada milih, pék midang dihareupeun kelas kalawan merhatikeun aspék-aspék drama.

3.6 Analisis Data

Analisis data nyaéta kagiatan nu dilakukeun sabada kabéh data bérés dikumpulkeun. Data nu geus kakumpul tuluy dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Data anu bakal diolah jeung dianalisis téh ngawengku tina hasil

pretest jeung *posttest*. Ku kituna aya sababaraha léngkah-léngkah analisis dina ieu panalungtikan, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil tést *pretest* jeung *posttest* dumasar kana aspék kritéria dina tabél 3.3

Tabél 3.3
Rubrik Penilaian Ngaragakeun Drama

Katégori penilaian (rata-rata)	
5– 20	Kurang Pisan
20– 60	Kurang Hadé
60– 80	Cukup Hadé
80-100	Hadé pisan

- 2) Mére peunteun kana hasil démonstrasi drama, dumasar maké rumus saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\sum \text{Skor Siswa}}{\sum \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

- P = Peunteun
 \sum Skor Siswa = Jumlah peunteun siswa
 \sum Skor Maksimal = Jumlah peunteun maksimal

- 3) Ngasupkeun peunteun jeung skor kritéria kaparigelan ngaragakeun drama, ngagunakeun skala format saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Format Peunteun Kaparigelan Ngaragakeun Drama

No.	Sasaran	Aspék	Katégori	Keterangan	Skala	Skor
1.	Wirahma	a) Artikulasi (Ucapan)	Jelas	Jelas dina ngedalkeun sora basa.	5-10	20

		b) Lentong	Jelas	Intonasi dina ngedalkeun paguneman (leutik jeung bedasna sora).	5-10	
2.	Wirasa	a) Pamahaman Eusi	Maham	Maham kana eusi carita drama luyu jeung naskah.	5-30	60
		b) Penjiwaan Tokoh	Kajiwaan	Mampuh dina ngaragakeun karakter tokoh saluyu jeung anu kagambarkeun dina naskah drama.	5-30	
3.	Wiraga	a) Éksprési (mimik)/ Pasemon	Saluyu	Mampuh ngaéksprésikeun adegan ngaliwatan mimik wajah (gerak wajah) luyu jeung kaayan tokoh dina naskah.	5-10	20
		b) Tagog	Saluyu	Sikep anu diragakeun ku aktor dina merankeun hiji tokoh (konsisten atawa henteu).	5-10	

Jumlah					100	

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal henteuna data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. Ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 26.

3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sujawerni (2007) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasihijina nyaéta Kolmogorov-smirnov atawa Shapiro Wilk. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H1 : distribusi data normal

Ho : distribusi data teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji Shapiro-Wilk ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, kalawan kritéria saperti ieu di handap.

H1 : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\geq 0,05$

Ho : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\leq 0,05$

3.6.3 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2013), hipotésis asalna tina kecap “*hipo*” nu hartina di handap, jeung “*tesis*” nu hartina bebeneran. Ku kituna, hipotésis nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan panalungtikan. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dipaké. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic*

Parametric kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

- H_0 (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada digunakeunna modél *Role Playing* dina pangajaran drama ka siswa kelas IX SMP/MTs.
- H_1 (Hipotésis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada digunakeunna modél *Role Playing* dina pangajaran drama ka siswa kelas IX SMP/MTs.